

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda di kelas X SMA Plus Merdéka Soréang. Hal-hal anu kapanggih dina prosés panalungtikan yén pemahaman siswa ngeunaan ragam basa lemes nu dipaké keur batur jeung ngeunaan wangenan makéna basa lemes, masih kénéh kurang dipikanyaho siswa. Dumasar kana aspék kamampuhna, siswa dina ngalarapkeun ragam basa loma jeung ngalarapkeun kecap dina ragam basa keur sorangan, masih kénéh kurang dikawasa siswa. Tingkat pangaweruh siswa ngeunaan undak usuk basa Sunda, gedéna rata-rata meunang peunteun 7 (cukup), nyaéta aya 14 (21,54%) siswa. Peunteun tingkat kamampuh siswa ngeunaan undak usuk basa Sunda, gedéna rata-rata meunang peunteun 7 (cukup), nyaéta 23 (33,85%) siswa. Hasil itungan tina sakabéh data, gedéna korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda téh 0,30, nu kaasup kana katégori handap, dina taraf signifikansi 5% ($N = 65$) nuduhkeun harga 0,254, ku kituna, H_1 ditarima H_0 ditolak, ku kituna korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang téh signifikan.

5.2 Saran

Undak usuk basa Sunda najan aya sawatara pamadegan, heureutna nu maké basa Sunda alatan ayana undak usuk basa Sunda nu jadi balukar lantaran héséna kaserep ku masarakat, yén sok aya paripaos “*abdi mah teu tiasa nganggo basa Sunda lemes*” hal saperti kitu undak usuk basa Sunda lain jadi rereged pikeun sakumna masarakat dina makéna basa Sunda saumpama dina biantara atawa kagiatan séjéna, tapi undak usuk basa Sunda kudu jadi hiji tanggangan urang Sunda kulantaran undak usuk basa Sunda geus ngabudaya sarta diaku jadi hiji tatakrama dina makéna basa Sunda.

Ningal hal saperti kitu seja méré saran ka sakumna *insan akademis* di SD, SMP, SMA atawa pakuliahan jeung masarakat umumna, undak usuk basa Sunda kedah diwanohkeun, nu mangrupa ajén budaya urang Sunda dina makéna basa, sangkan teu leungit.

Ku ayana ngolah data ngorélasikeun antara pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda, katitén hasilna saumpama di sakola aya kénéh atawa henteu diajarkeuna undak usuk basa Sunda. Panalungtik miboga saran dina hal panalungtikan ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda, mudah-mudahan aya nu leuwih lega ambahanana, sangkan bisa katingal ayana nu maké undak usuk basa Sunda.

Panalungtik sadar yén ieu hasil jauh tina sampurna alatan tuna ku pangabisa jeung kanyaho, mudah-mudahan waé ku ayana ieu hasil bisa méré gambaran sarta mangpaat pikeun balaréa.